Ассаламу гІалайкум!

# ЦІумадисезул гъаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 18 июль Рузман № 30 (78100) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш 12+

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Райадминистрациялда**

## Рищиязул бицана

Сон Агъвали, райадминистрациялъул данделъабазул залалда районалъул бетІер Шамил ГІумаровасул нухмалъиялда гьоркь тІобитІана росабазул администрациябазул бутІрул, райадминистрациялъул хІалтІухъаби ва учреждениябазул нухмалъулел гІахьаллъараб данделъи. Гьенир рорхарал суалазул аслияллъун рукІана рищиял тІоритІиялъул, налогал ракІариялъул ва Дагъисталъул Конституциялъул къо кІодо гьабиялъул бицарал.



-Районалъул къоло лъабабго администрациялда тІоритІизе руго исана депутатазул рищиял. Кандидатазул сияхІалги рачІунел руго. Гьелде хІадурлъи букІине ккола щвалде щвараб, гІорхьолъа рорчІарал киналгІаги ишал гьечІого,-ян абуна районалъул бетІерас жиндирго кІалъаялда ва мухІкан гьабун рищиязул бицун кІалъазе рагІи къуна районалъул ТИКалъул председатель МухІамадсаид Гъазиевасе.

-Рищиял тІоритІиялде щвалде щвараб хІадурлъи районалда буго. Щибаб къоялъ хІалтІулел руго участковиял комиссиябазул хІалтІухъаби жидерго участкабазда. Абухъего, 24/7 бухьеналда руго ниж гьелгун ва республикаялъул ТИКгун. 27 июлалде щвезегІан рес буго кандидатазул жидерго хьвай-хьвагІай гьабизе,-ян абуна М-С.Гъазиевас. -Нилъ рохизе ккараб иш буго ахираб 15-20 соналда жаниб гьеб рахъалъ нилъер район цебесеб къерда, цо-цоязе мисаллъун рехсонгицин букІин. Божула, рищиялги жидерго ихтияралгун тІадал ишалги ричІчІун, лъан тІоритІилин абун росабалъ.



Ришни-къул бакІаризе контейнеразулал площадкабазул, гьезие «зеленкаби» гьариялъул бицун кІалъазе вахъарав ЖКХялъул инженер АхІмад МухІамадовас бихьизабуна районалда кІикьоялда анцІго гьединаб площадка хІажалъулеб букІин.

Районалъул учреждениябазулгун организациябазул хІалтІухъабаз налогазулаб налъи тІубаялъул суалалда тІасан кІалъазе вахъана МухІамад КъурамухІамадов.

Гьединго гьениб борхана лъайкьеялъул идараби цІияб цІалул соналде хІадурлъиялъул суал. Щибаб идараялда бугеб ахІвалхІалалъул бицун, доклад гун кІалъазе яхъана лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГІабдусаламова.

Данделъиялда гьоркьор лъун рорхарал суалазда тІасан жидерго пикраби загьир гьаруна Шава росдал администрациялъул бетІер ГъазимухІамад ХІажимухІамадовас, БТИялъул нухмалъулев Закария ЖахІпаровас ва цогидалги гьенир г1ахьаллъараз.

Данделъиялъул ахиралда 9 маялъул байрамалда хурхун гІуцІарал майданазул хІасилал рачун, ХІурматалъулал грамотабигун гІарцулал сайгъатал къуна Лъондода, Хуштада, ТІисси, ТІинди, Сильди, Гъоркьгъаквари ва ТІадгъаквари росабазул нухмалъулезе ва Сасикь росдал школалъул мугІалим Алжанат Набигулаевалъе.

Данделъиялда рорхарал суалазда тІасан рекъонкколел хІукмаби къабул гьаруна.

**Хадижат Залимханова**

**Нилъер бахІарзал**

## СВОялъул бахІарчигун дандчІвана



«БахІарзазулгун гара-чІвариял» абураб ТІолгороссиялъул проекталда рекъон, 13 июлалда районалъул волонтерал дандчІвана СВОялъул гІахьалчи, Цумада-ГІурухъ росулъа нилъер ракьцояв, ракІбацІцІадаб, цогидазе мисалиб рагъулаб хьулухъалъухъ гІемерал орденазул ва медалазул кавалер ХІажимухІамад МухІамадовгун. ЗахІматго лъукъун больницаялде ккарав гьев кІиго моцІалъ Москваялъул клиникаялда сахгьавиялъулгун реабилитациялъул курсги гьабун, вуссана рокъове.

ХІажимухІамадилгун букІараб гара-чІвариялдаса данделъаразда лъана гьев командованиялъ цебе лъураб масъалаги тІубан, рагъулал гьалмагъзаби ругеб бакІалде тІадвуссунаго, нухда минаялде тІадеги ккун, лъукъун вукІин. ХІажимухІамадил хІатІил килщал камун руго. Микьго километралъ хьурщунги, хьвадунги ун вуго лъукъарав рагъухъан жиндирго гьалмагъзабигун бугеб рагъулаб машинаялде щвезегІан.

-Дунги, мунги, довги гьечІони, щивха дова вукІинев?-ян буго ХІажимухІамадил бераэуль рагІулеб сихІкъотІараб суал рагъулал гьудул-гьалмагъзабиги ракІалде щвезарун. Гьес бицана тІубанго сахлъун хадуб рагъулал гьалмагъзабазул кьерулъе тІадвуссине бугеб нигаталъул. Волонтерал кІвар кьун гІенеккун рукІана гьанжего гьанже фронталдаса тІад вуссарав рагъухъанасухъ. Гьенир гІахьаллъаразе бахІарчиясулгун букІараб дандчІвай букІана ВатІан бокьиялъул унго-унгояб мисаллъун.

Нилъ чІухІарал руго СВОялъул тІоцересел къояздаса нахъе, улкаялъул тІалабалда рекъон, гьенир цересел къерда ругел ХІажимухІамад гІадал гІолохъабаздаса. Даимаб рецц къалул багьадурзабазе.

**Шамил Бадрудинов**

## Спорт бокьулеб хъизан

Дагъаб цебе МахІачхъалаялда «Труд» стадионалда тІобитІана КІудияб ВатІанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 80 сон тІубаялда хурхинабураб хъизаназул командаби гІахьаллъараб ТІолгороссиялъул ГТОялъул физкультуриябгун спортивияб комплексалъул фестиваль. Гьениб гІахьаллъана нилъер республикаялъул районаздаса анлъго команда. Нилъер районалдаса гьениб гІахьаллъана Хуштадаса МухІамад ХІанаповасул хъизан. Щибаб командаялде гьорлъе унаан 8-11 сонил ригьалда бугеб лъимер, эбел, эмен ва кІудада яги кІодоэбел.




Тадбир тІобитІиялъул мурад букІана Чебоксары шагьаралда тІобитІизесеб ТІолгороссиялъул ГТОялъул физкультуриябгун спортивияб комплексалъул фестивалалъул финалалда гІахьаллъизе хъизаналъулаб команда тІаса бищи.

Фестивалалъул программаялде унаан 30 ва 60 метрадул манзилалда лъимал ва улбул рекери, чІаралъуса кІанцІи ва жеги унькоязуго батІияб тайпа спорталъул.

КІудадабазда гьоркьоб хасаб зачеталда МухІамад ХІанаповасе щвана кІиабилеб бакІ, яс Маккае - ункъабилеб бакІ, дурц ИсмагІил ккана тІоцебесеб бакІалде ва сибтІ МухІамадицаги босана тІоцебесеб бакІ. ГІаммаб куцалда хІасилал рачиндал, хъизан ккана лъабабилеб бакІалде, ай, ккана фестивалалъул мазгаралъул призералльун.

-Гьединал тадбираз квербакъула физкультура ва спорт машгъур гьабизе, сахаб гІумру ва сахаб букІинесеб тІаса бищизе, квешал пишабазда рикІкІад чІезе. Гьеб ккола «Демография» миллияб проекталъул «Спорт гІумруялъул аслу» абураб федералияб проекталъул тадбиразул цояб. Хъизаналъул цадахъал ругьунлъаби тІоритІулаго, квербакъула эбел-инсуцада цадахъ лъималазги захІмалъаби кьинаризе, церечІарал масъалаби тІуразе, командаялда хІалтІизе ругьунлъизе, цоцазе квербакъизе, спорталде машгъуллъизе, гьелъуль бергьенлъаби росизе борхалъуде рахине,-ян абуна МухІамадица баркиях кьабул гьаруларо тадбиралъул хІакъалъулъ жиндирго пикру загьир гьабеян абидал.

Баркула ХІанаповазул хъизаналда щвараб бергьенлъи, гьаруна хадубккун гьединал тадбиразул пьедесталалъул тІогьире рахин, хъизаналъулаб спорт ва хъизан гІуцІи-цІуниялъул институт цебетІезабизе тавпикъ.

**Хадижат Залимханова**

ГIолилазул ишал

# Районалъул гIолилал терроризмалде ва наркоманиялде данде

14 июлалда «МугIрузул тIогьал» хIухьбахъиялъулгун сахгьариялъулаб базаялда тIобитIана «ЦIумада районалъул гIолилал терроризмалдегун экстремизмалде ва наркоманиялде данде» абураб, лагералда хIухьбахъиялдагун спортивиял ругьунлъабазда ругел лъималгун гIолилал гIахьаллъараб патриотикияб тадбир. Гьелъул мурад букIана гIолилал экстремизмалъулгун терроризмалъул идеологиялде гьорлъе ккечIого рукIине, кIотинарулел жалаздаса (наркотикал) рикIкIад чIеялде ва сахаб гIумру гьаби тIаси бищиялде ахIарал гара-чIвариял гьари.



Профилактикиял тадбираз кIвар кьола гIолохъабазул наркотиказдехун битIараб бербалагьи букIине ва гьел хIалтIизариялъул хIасилалда кколел балагьал хIасилазул бичIчIизе. Гьединго гьез кумек гьабула гIолилал битIараб хIукму кьотIизе ва жидерго пикру загьир гьабун, гьелъул рахъ ккезе ругьунлъизе.

-Жакъа нилъ данделъун руго районалда ва республикаялда цочIараб, гIодоцараб ахIвал-хIал цIуниялъе терроризмалъулгун экстремизмалъул ва наркоманиялъул кинал рукIаниги загьирлъабаздаса инкар гьаби ккоелблъи иргадулаб нухалъги бихьизабизе, метерисеб сахаб букIинеселъе жакъасеб пикру камилаб сахаб тIел букIине ккеялде кIвар кьезе,-ян абуна тадбир рагьулаго, жиндирго саламалъулаб кIалъаялда гIолилазда цеве вахъарав районалъул спорталъулгун гIолилазул политикаялъул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас.

Гьебго отделалъул методист Шамиль Бадрудиновас баркала загьир гьабуна тренераze гIолилазулгун гьабулеб жигараб ва лъикIал хIасилал кьолеб хIалтIухь.

Тадбиралда гIахьаллъана ва пайдаял кIалъаял гьарун цере рахъана Дагъистаналъул регбиялъул федерациялъул вице-президент КунтахIажи ГIумаров, эркенаб гугариялъул рахъалъ Дуньялалъул чемпионаталъул гIарцулав призер МухIамад МухIамаев.

Суал-жаваб къагIидаялда тIобитIараб данделъи ана киналго разияб хIалалда.

ГIолилаз жидергун дандчIваялде рачIиналъухъ баркалаги загьир гьабулаго, абуна гьединал тадбираздаса хадуб пикру гьабизе гIураб информация щолин жидее ва таманал ургъизе тIамулин. Гьез гьединго рагIи кьуна квешал пишабаздаса жалгоги рикIкIад чIезе ва гьелде машгъуллъараздеги берцинаб каламалдалъун бичIчIикьеялъул гара-чIвариял гьарун, бичIчIизабизе лъикIалде гьез рачунареблъи.

**Шамил Бадрудинов**

## История моего края

# Подвиг Хизри

Каждый героический поступок достоин восхищения, и память о нём должна жить в сердцах поколений.

В Дагестане принято говорить, что не Сталин наших людей в тюрьмы сажал и в лагеря отправлял. Конечно, сам он не приходил в аулы и не забирал людей на расправу. Но количественные разнарядки от руководимого им ЦК КПСС в обкомы и райкомы приходили, и это неоспоримый факт. А определять по этим разнарядкам, сколько человек в каком селе должно быть арестовано, местному активу особого труда не составляло. Делать это они умели хорошо.

В конце 30-х годов, в разгар сталинских репрессий, в высокогорном селе Раситли жил обычный человек, ничем не отличавшийся от остальных сельчан. Если, конечно, отличием не считать его умение писать и читать, благодаря чему он стал председателем исполкома села. Однажды ему пришла повестка с приглашением в местное управление НКВД. В те дни такие повестки получали практически все председатели исполкомов Андийского участка, и в назначенный день собрались они в Ботлихе. В обычном зале собраний их поприветствовал начальник НКВД и в своем выступлении сказал примерно следующее:

«В наших аулах есть люди, ненавидящие советскую власть, поэтому тайно и явно вредящие колхозному строю. Они отказываются вступать в колхозы и делиться имуществом, несомненно, нажитым путем эксплуатации крестьян и бедняков. Наш великий вождь и учитель, руководитель Коммунистической партии и нашей страны Иосиф Виссарионович Сталин назвал таких людей кулаками и указал на необходимость искоренения этого классового врага на корню. Поэтому, товарищи, долг каждого из нас - выявить такие личности и предать их социалистическому суду. Мы и другие наши правоохранительные органы провели в этом направлении определенную работу и подготовили соответствующие списки. Ваша же задача сейчас - поочередно выйти вперед и своей подписью подтвердить их».

Списки эти лежали стопкой перед ним на столе. Закончив речь, он начал по одному брать их в руки и громко называть названия сёл. Председатели исполкомов подходили и, молча, ставили свои подписи. При этом каждый из них старался не смотреть другим в глаза. Когда назвали село, Хизри (так звали нашего героя), встал и, обращаясь к начальнику и остальным, сидевшим вместе с ним, спросил: «Кто-нибудь из вас был в селе, которым я руковожу?» Ему ответили, что нет, не были. Тогда он сказал им следующее:

«Мое село находится в таком месте, где вокруг видны одни лишь камни и скалы, и дома наши построены один над другим. Нет нормальных пастбищ для скота. Из-за скудости урожая и нехватки земли, люди вынуждены искать пропитание на стороне. И, несмотря на все это, мы организовали колхоз, и ни один человек из моего села не был против этого. Здесь вы говорили, что в наших селах есть богатые люди, которые не хотят делиться и вступать в колхозы. Может быть, в других местах они есть, но в моем селе их нет и, по причинам, мною названным, не могут быть. Поэтому я не могу подписать то, что вы предлагаете».

В помещении, где шло собрание, на несколько секунд воцарилась мертвая тишина. Очнувшись и, не зная, как иначе поступить с человеком, осмелившимся так непривычно и дерзко перечить ему, начальник НКВД махнул рукой и сказал: «Садись!».

Как говорится, плохой пример-заразителен. Следующим назвали село Анди, и председатель Андийского исполкома тоже решил выступить в духе Хизри, но не успел. По знаку начальника двое НКВДистов подбежали к нему и, скрутив руки за спину, вывели из зала. Дальше дело пошло как по маслу… После собрания начальник приказал привести к нему арестованного андийца и, поблагодарив его за смелость, сказал, что вот так и нужно беречь своих людей,-и отпустил домой.

История эта не выдуманная. Её рассказали очевидцы. Последствием этого собрания стал арест нескольких сотен горцев, вина которых могла заключаться только в том, что они были лучшими людьми в своих сёлах. Завистники, стукачи и агенты один за другим вносили их фамилии в свои тайные списки и доставляли их в кабинеты нужных органов. Предположительно, в предложенном для подписи Хизри списке значилось минимум 7-8 фамилий раситлинцев. Если бы он, испугавшись, подписал этот список, эти люди сгинули бы где-то на просторах бескрайней Сибири. Факты говорят сами за себя: из его аула ни одного человека, как кулака, органы не забрали. Но зато, как рассказывают, всем селом выходили поглазеть на то, как через их село гнали арестованных соседей.

**Исмаил Газимагомедов,** село Кеди

## Поэзиялъул бокIон



Араб анкьалъ гьавурав кьо кIодо гьабуна авар адабият бокьулезул цояв, гIемерсоназулаб хIалбихьи бугев мугIалим, кьалам бегIерав рагIул устар, кочIохъан ва кьурдухъан, районалъул унгоунгояв патриот Хуштадаса ГIабдула Зубаировас.

«ЦIумадисезул гьаракьалъул» коллективалъул рахъалдаса ракIракIалъ гьавураб кьоги баркулаго, бокьун буго гьесие лъикIабщинаб гьаризе ва дагьабго рагIи кьезе.

Гьоркьехун рахьулел руго ГIабдулал магIна гьваридал, цIаларал ургъизе, пикру гьабизе тIамулел саринал.

### Дир биххараб росу, бухIараб мажгит

Дир биххараб росу, бухIараб мажгит
Умумузул рукъзал, тIатIала ккарал.
ТIохил рагIалда чIун ахIулеб какил
Гьанже рагIуларо гIадатаб гьаракь…

Къулгъуде бачIунеб халатаб читIир,
Хабал агьлуялъе гьабулеб дугIа,
Квачараб хасало, хинаб риидал
Хабада кIусарав чи вихьуларо.

Росдал тарих лъалев тилмач ГIабдула
Тарихалъул бице, гIагараб росдал.
Нажмудин цIалараб цIорораб халват.
ГьитIинаб ЦIорилан цIар лъурав Шамил!

Берцинал къадазул тIох гьечIеб мажгит,
ТIохда какил гьаракь рагIизе гьечIеб.
Сайпулагьил вагIза, Шарапдинил нух,
Щивасул рекIеда бикIкIараб рагIи…

Къваридал къватIазда гIатIидаб ракIгун,
ГIумру цадахъ арал мадугьалзаби,
Галул манзил гьечIеб ракьул питнаялъ.
РекIелъ гIорхьи чIварал гIагарал чагIи…

Ургъелги, рохелги бащад бикьараб,
Бащад хинкI бекараб баракатаб мех.
Мадугьалихь ралел рорхатал къадал,
Къацандун ракIалгун гьабулеб дунял…

Къо-лъикI, дир лъимерлъи, къваридал къватIал,
Къилба, михIмар, хутIба, хераб жамагIат,
Мажгиталъул къадал, къед барал васал,
Къабулаб батаги киназулго как…

Хасало цIер бекун, каким чурарал,
Нахул чирахъ баккун, Къуръан цIаларал,
Басриял тIингьазда тIад рукъи барал,
ТIадегIанав Аллагь, чуре мунагьал…

ЦIадуца роркьарал къадаз бицана,
Къоабилеб гIасру хутIила нугIлъун,
Умумузул цахал рахьде руссарал,
Хириял тIансаби, тIагIараб Къуръан…

Бана цIияб мажгит, цIильана гIумру,
ЦIадул балагьалъул бицен хутIана.
Доб басрияб росдал къватIал сверарал,
КъанагIат ратула пашманаб ракIгун…

### ЦIумадисезул казияталъе

ГIемер сонал раниги,
Кидаго гIолохъанаб,
ХъахIаб рас баккулареб,
Кидаго гIолохъанаб!..

ГIакълу пикру камилаб,
КантIизе чи тIамулеб,
«Колхозчи» цIар букIараб,
«ЦIумадисезул гьаракь».

Мекъал, тIекъал чагIазда,
ТIил мугъзада къабулеб,
Иман-яхI цIикIкIаразул,
ЦIарал жанир рехсолеб!

Дир хирияб казият,
Культураялъул бице,
Клубал щай къан ругел,
Концерт щай бихьулареб?

Гьал мугIрузда рижарал,
МагIарулал руго нилъ,
МагIарул мацIги, цIарги,
ЦIунизе тIадаб гьечIищ?!.

### ГIарац, гIарац, огь гIарац!

ГIарац, гIарац, огь гIарац,
ГIазу гIадин биунеб,
ГIадан гьалаг гьавулеб,
Гьаваялда воржунеб!

Лъиего гIун рагIичIеб,
«ГIелин!»- абун ахIичIеб,
ГIумруялъул яхI-намус,
Борцунел цIадираби!..

БачIунезе хирияб,
ГьечIезе ургъел кколеб,
Унти буго мун, гIарац,
Ургъел буго мун, гIарац!

БачIанагIан бокьулеб,
БокьанагIан щолареб,
Къарзалъ кьеян вачIани,
ЧIанда рекъезабулеб!..

Садакъа цIикIкIаразе,
ЦIикIкIун Аллагьас кьолеб,
Щунун, нахъе хутIидал
Хабар-калам гIемераб…

**Территориальная избирательная комиссия
Цумадинского района**

# Постановление

**14 июля 2025 г. № 64/171-5**
**с. Агвали**

**О сборе предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых комиссий**

На основании пункта 12 Порядка формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденного постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 5 декабря 2012 года № 152/1137-6, территориальная избирательная комиссия Цумадинского района **постановляет:**

1. Объявить о сборе предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых избирательных комиссий.
2. Установить, что сбор предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых избирательных комиссий осуществляется с 25 июля по 14 августа 2025 года.
3. Утвердить прилагаемый текст Сообщения территориальной избирательной комиссии Цумадинского района о сборе предложений по кандидатурам для дополнительного зачисления в резерв составов участковых избирательных комиссий.
4. Направить Сообщение территориальной избирательной комиссии Цумадинского района для опубликования в районной газете «Голос Цумады».
5. Направить настоящее постановление для размещения на официальном сайте Избирательной комиссии Республики Дагестан в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

**Председатель территориальной избирательной комиссии
Цумадинского района М. Газиев**

**Секретарь территориальной избирательной комиссии
Цумадинского района Х. Дибирова**

**Приложение
к постановлению территориальной
избирательной комиссии Цумадинского района
от 14 июля 2025 года № 64/171-5**

## Сообщение

**территориальной избирательной комиссии
Цумадинского района**

Руководствуясь пунктами 12 и 14 Порядка формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденного постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 5 декабря 2012 года № 152/1137-6 (далее – Порядок), территоритальная избирательная комиссия Цумадинского района сообщает о сборе предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых избирательных комиссий (далее – УИК), сформированных на территории Цумадинского района.

Приём предложений осуществляется в период с 25 июля по 14 августа 2025 года территориальной избирательной комиссиейЦумадинского района:

| Номера УИК | Адрес территориальной избирательной комиссии |
|---|---|
| 1632-1667 | 368900, Республика Дагестан, Цумадинский район, село Агвали, ул.К.Абакарова, д.97, второй этаж, каб. №1 |

При внесении предложений и подготовке документов по кандидатурам для зачисления в резерв составов участковых комиссий следует руководствоваться Порядком формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденным постановлением ЦИК России от 5 декабря 2012 года № 152/1137-6, с которым можно ознакомиться на официальных сайтах Центральной избирательной комиссии Российской Федерации и Избирательной комиссии Республики Дагестан в сети «Интернет».

Ограничений по количеству кандидатур от каждого субъекта права внесения предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых избирательных комиссий не устанавливается.

В резерв составов участковых комиссий не зачисляются кандидатуры, подпадающие под ограничения, установленные пунктом 1 статьи 29 (за исключением подпунктов «ж», «з», «и», «к» и «л») Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации».

**Территориальная избирательная комиссия
Цумадинского района**

**Разъяснение врача**

# Опасность укусов различных насекомых

В летнее время, в особенности нахождения на природе, мы нередко подвергаемся укусам насекомых. Наибольшую опасность несут укусы пчелы, осы, шмеля и красного муравья. При укусе эти насекомые выпускают яд, который может вызвать сильную аллергию. На месте укуса появляется покраснение, припухлость, возникает боль. Согласно статистике укус пчелы и осы вызывает большую смертность.

Первую помощь, которую необходимо указать при укусе пчелы или осы: осмотреть место укуса, если жало осталось, его немедленно нужно удалить, приложить холодный компресс, принять антигистаминный препарат. Далее желательно обратиться к специалисту.

Укусы кровососущих насекомых, к ним относятся комары, клещи, доставляют человеку неприятное ощущение, а также могут служить переносчиками опасных инфекций.

Укус комара, если он не является переносчиком инфекции не опасен. Тем не менее может вызвать аллергическую реакцию. Можно увидеть покраснение и припухлость, появление зуда. Чтобы облегчить состояние необходимо обработать место укуса крепким раствором пищевой соды или специальным кремом после укусов, который можно купить в магазине. При многочисленных укусах принять антигистаминные препараты, согласно дозировки, указанной на упаковке.

Ещё одним опасным насекомыми является клещ. Укус его безболезнен, но может повлечь за собой серьёзные последствия. Проникая под кожу, клещ впивается в нежные участки (например, шея, подмышки, пах, спина) и остаётся на 3-5 дней. Когда клещ раздувается в несколько раз, он отпадает. Если насекомое было замечено, необходимо обратиться к врачу, для того чтобы исключить возможность заражения, проверив клеща. Если нет возможности сразу обратиться к врачу, необходимо при помощи пинцета извлечь клеща, выкручивающими движениями. Насекомое поместить в тару и отвезти на проверку, а рану - обработать

**Чем опасны укусы насекомых**

Летающих и ползающих паразитов, кусающих человека, можно разделить на две группы. Первые - те, чей укус не остается незамеченным, например, осы или пчелы, они кусают очень больно, увидеть и идентифицировать такое насекомое труда не составит.

Другие - это кровососущие, они тратят определенное время на то, чтобы напиться крови. При укусе такие насекомые впрыскивают в кожу субстанцию с обезболивающим эффектом, их заметить проблематично, пока человек не ощутит зуд. Это может произойти как через несколько минут, так и через несколько дней: укусы различных насекомых дают о себе знать спустя разное время.

Среда обитания большинства вредителей -травяной покров на уровне земли, и ноги страдают от укусов чаще всего, ведь они контактируют с насекомыми максимально близко. Что касается помещений, то здесь насекомые также себе не изменяют: живут внизу или ближе к напольному покрытию.

**Распознаем укусы паразитов**

Как определить по характеру следов укуса, какое насекомое Вас покусало к примеру укус клеща и что делать, чтобы избежать тяжелых последствий? Попробуем разобраться.

**Клещи**

Клещей, как правило, обнаруживают присосавшимися и пьющими кровь, впившимися глубоко в кожу. След от укуса остается в виде характерной ранки. Пораженное место представляет собой красное пятнышко темного цвета, часто бордовое, синеватое.

Если клещ пил кровь долго, на протяжении нескольких дней, то рана может быть инфицирована и начнет гноиться. Кровососы представляют собой серьезную угрозу для здоровья человека, так как они могут быть источником серьезных заболеваний: боррелиоза, энцефалита и пр. Клещи каждый сезон инфицируют огромное количество людей повсеместно.

Если насекомое всё ещё в ране, его необходимо осторожно достать и отправить в лабораторию. При взятии анализов выяснится, инфицирован, опасен клещ или нет. Если вредителя в месте укуса не оказалось, необходимо через месяц или полтора сделать анализы на наличие клещевых инфекций. Для заживления места поражения лучше применять специальные средства от укусов насекомых.

**Укусы насекомых и их профилактика**

Чтобы предотвратить укусы насекомых, следует придерживаться некоторых рекомендаций.

Общие рекомендации следующие. Носите закрытую одежду. Не ходите босиком по траве. Нанесите средство от насекомых на открытые участки кожи или на одежду в соответствии с инструкцией. Для профилактики укуса клеща отдавайте предпочтение светлой одежде, которая должна максимально закрывать кожу. Голову защищайте косынкой, панамой или бейсболкой. Каждые 15-20 минут осматривайте свою одежду, голову и открытые участки тела. Если у вас есть кошки, собаки, коровы, козы, овцы и другие домашние животные в свободном выгуле, осматривайте их периодически во время выгула и после возвращения домой. Действенными мерами защиты населения от клещей являются акарицидные обработки мест массового посещения.

**Срочно следует обращаться к врачу после укуса насекомых, если:**

- У человека выраженная аллергическая реакция на укус насекомого: одышка или затрудненное дыхание, отек лица, полости рта, горла, учащение сердцебиения, головокружение или слабость, температура.

**Хатимат Казаналипова**

# Неделя профилактики ИППП

***С 14 по 20 июля в районе проходит неделя профилактики и ИППП***

В век открытости и доступности информации парадоксально много мифов и недопонимания все еще окружают тему инфекций, передаваемых половым путем (ИППП). Эти заболевания - не пережиток прошлого, а реальная и актуальная угроза здоровью миллионов людей по всему миру, независимо от пола, возраста, социального статуса или внешности. Молчание и незнание - главные союзники ИППП. Пора говорить открыто.

Масштабы проблемы: Невидимая эпидемия

По данным Всемирной организации здравоохранения (ВОЗ), ежедневно более 1 миллиона человек в мире заражаются одной из четырех излечимых ИППП: хламидиозом, гонореей, сифилисом или трихомониазом. В нашей стране ситуация также вызывает серьезную озабоченность врачей. Многие ИППП годами протекают скрыто, что приводит к их незаметному распространению и развитию тяжелых осложнений.

Не приговор, но серьезный сигнал: Основные виды ИППП

ИППП - Большая группа заболеваний, вызываемых бактериями, вирусами, паразитами и грибками. Вот самые распространенные:

Хламидиоз-лидер по заболеваемости. Может привести к воспалительным заболеваниям органов малого таза (ВЗОМТ), бесплодию, внематочной беременности.

Гонорея (триппер) вызывает гнойные выделения, боль при мочеиспускании.

Сифилис-коварное заболевание, протекающее в несколько стадий. Может привести к инвалидности и смерти.

Трихомониаз-самое распространенное паразитарное заболевание ИППП. Увеличивает риск заражения ВИЧ.

Вирус папилломы человека (ВПЧ) крайне распространен. Некоторые типы вызывают рак шейки матки. Существует эффективная вакцина.

Генитальный герпес: Вирусное заболевание. Неизлечим, но лечение контролирует вспышки.

ВИЧ (вирус иммунодефицита человека) поражает иммунную систему. Без лечения (антиретровирусной терапии) приводит к СПИДу.

Вирусы гепатита В и С. Поражают печень, могут привести к циррозу и раку печени.

Предотвратить ИППП гораздо проще и безопаснее, чем лечить их последствия.

**Мифы и правда. Разрушаем опасные заблуждения.**

*Миф: ИППП можно определить по внешнему виду человека.

Правда: Большинство ИППП протекают бессимптомно. Носитель может выглядеть и чувствовать себя абсолютно здоровым.

*Миф: ИППП можно вылечить народными методами или самолечением.

Правда: Это крайне опасно!

Если диагноз поставлен:

Не паниковать! Многие ИППП успешно лечатся.

Пройти полный курс лечения. Точно следовать назначениям врача, даже если симптомы исчезли. Не прерывать лечения.

Воздержание от секса: на время лечения и до подведения излечения врачом.

Повторное тестирование: пройти контрольное обследование после лечения, чтобы убедится в его эффективности.

Куда обратится? Обследование и лечение ИППП проводят: дерматологи, гинекологи,

Урологи, врачи общей практики, специализированые центры репродуктивного здоровья и профилактики ВИЧ/СПИДа. Не стесняйтесь обращаться за помощью!

Конфиденциальность - ваше право.

Заключение: Инфекции, передаваемые половым путем - не повод для стыда, но серьезный повод для действий. Знание - сила. Ответственное сексуальное поведение, регулярное тестирование и своевременное обращение к врачу - это инвестиция в ваше будущее и здоровье ваших близких.

Не позволяйте невежеству и страху управлять вашей жизнью.

Берегите себя и своих близких!

**П.Газиева,** врач - дерматовенеролог

# Хъварщиса «Бадро»

1987 сональул 28 октябралда, ТОКСальул вакилзабазул гьариялда рекъон, «Советский патриот» газетальул «Ралагьулел руго льалкIал цIехолез» («Поиск проводят следопыты») абураб рубрикаялда гьоркь бахъараб кагъаталда хъван букIана, ТЕГ-2564 рагъулаб госпиталалда регун рукIарал солдатазда цадахъ вукIарав гьалмагъ Бадрудин МухIамадовасул хIакъальулъ бицеян абун.

Венгриялъул Дебрецен шагьаралдаса 40 километраль рикIкIад бугеб 20624 рагъулаб частална хъулухъ гьабулеб букIана КIудияб ВатIаниял рагъул гIахьалчиясул сибтIас. Гьениб хъулулхьги тIубан, тIадвуссиндал, гьес нижеда бицана частальул командирас жив штабалде ахIанин ва Дебреценалде кIудадал хабаде вачине рагIиги кьунин абун. Амма жиндие бокьухъе ккечIила. Щай гурельул, гьеб частальул штабальул нухмальулев кIиго моцIидасан хIалтIудаса нахъе рехун вуго Дагъистаналдаса гIолохъабазул кьокьагун цадахъ. Рагъухъанасул сибтIас абуна, жинда гьеб хоб цебеги бихьун букIанин, машинаялда рекIун унаго, амма доб мехаль кIудадал хIакъальуль жинда лъалеб щибго жо букIинчIилан. Бадрудинил вукIана кIиго вас ва кIиявгоги хвана. Гьезда киданиги лъачIо ва рагIичIо инсул хIакъальуль хабар. Рагъухъан «Бадрол» лъади ПатIиматги хвана 1980 соналда. Гьел киналго рукъун руго ЦIумада районалъул Хъварши росуль.

ГьабсагIат гьесул лъималаз ва лъималазул лъималаз гIумру гьабулеб буго Муцалаул ва Хъварши росабаль. Гьезие бокьун буго жидер кIудияв инсул хIакъальуль лъималазда бицине…

Гьалмагъ «Бадро». Гьедин ахIулеб букIана ЦIумада районалъул Хъварщи росульа рагъухъан Бадрудиниде рагъулал гьудулзабаз. Армияде ахIилелде гьев вукIана Ворошиловасул цIаралда бугеб колхозальул чахъаби хьихьулев вехьльун. Гьесул хIакъальуль нижее бицана Хасавюрт районалъул Муцалаул росуль гIумру гьабун вукIарав гьесул вац МухIамадов МухIамад-Бишилавица: «Гьев армиялде ахIана 1942 сональул ичIабилеб январалда. Гьесул рокьор хутIана васал НигIматулагун МухIамад ва хьизан ПатIимат.

Гьес рагъулаб хьулухъ байбихьана Дальний Востокальул Камен-Рыбалов шагьаралда аскIоб. Гьениб рагъухъабаз гьабуна яргъилгун ва артиллериялъул техникаялъулгун лъай-хьвай ва ругьунльулел рукIана рагъулаб хьулухъ гьабизе. Гьесда тIадкъан букIана рагъулал объектал цIуни, Япониялъул диверсантаз батIи-батIиял постазде ва складазде гьужумал гьариялъул хIужабиги камулел рукIинчIо. Парахалъи гьениб букIинчIо.

1942 сональул хаслихье гьев рагъулал гьудулзабигун витIуна БакътIерхьул фронталде. Гьениб щвана унго-унгояб рагъулаб лъадари. Гьев восана гьужумаль унезул мухъилье. Рокьобе кагъат битIизе кьанагIат гурони замана щолароан, амма, рес щварабго, хьвачIогоги толароан. Лъадухъе гьес хьвалеб букIун буго, дуца васазул тIалаб-агьаз гьабизе, гьел унго-унгоял бахIарзаллъун куцазе кколин, гьудулзабаз жинда «Бадроян» ахIулин, жив гьанив лъикIго кьвагьдезеги ругьунльанин, командирас абухъе, рагъухъабазе мисаллъунцин лъугьанин живан абун. Узухъда, гьев гIужилав кьвагьдохьан вукIана, щайгурельул росуль чанахъанлъун вукIиндал.

Росуцояв ГIабдулкъадиров КъурамухIамадгун цадахъ Бадрудин ккун вуго Украинаялъул механизированияб бригадаялде гьорлье. Цадахъ рагъулаго, гьез эркен гьаруна Днепропетровск, Кривой Рог, Вознесенск, Березовка шагьарал. 1944 сональул 27 августалда гьел гIахьаллъана Молдавиялъул Котовский районалъул Поганешты росу эркен гьабулеб рагъуль. Гьениб буго гьесул гьалмагъзабазул вацльиялъулаб хобги. Гьебго сональул 1-6 октябралда гьев гIахьаллъана Тирасполь шагьар немзаздаса эркен гьабиялъульги.

1944 сональул анльабилеб октябралда Бадрудин лъукъула. Гьев вукIана хьвазе-цIализе лъалarev чи. ЛъагIалидасаги цIикIкIун заманаль гьесул кагътал рачIинчIо. Ахирги щвана жив Румыниялда вугин абун хьвараб кагъат.

1945 соналда Бадрудинил лъади ПатIиматихье бачIуна 1944 сональул октябралда гьев араб бакI лъачIого тIагIанин абун кагъат. Гьевин абуни, вукIун вуго госпиталалда. ТОКСальул вакилзабаз кагъат битIун букIун буго Ленинград шагьаралда бугеб рагъулаб медицинаялъул музеялде. Гьенисан щвараб жавабалда хьван букIана 1913 сональ гьавурав 64-леб механизированнияб кьокьаялъул солдат Бад.МухIамадов кваранаб рохокьотIалда ругьунгун вегун вукIанин госпиталалда 1944 сональул 6 октябралда ва, сахльун гьенисан виччайдал, киве арав баян жидехь гьечIилан. Гьелдаса баянлъулеб буго Бадрудин кIиго моцIгIанасеб заманаль госпиталада вукIараблъи. Справочникалдасан ТОКСальул вакилзабазда льана ЗГ-4495 1944 сональул 1 октябралдаса гьебго сональул 1 ноябралде щвезегIан Венгриялъул Триссафурендалда вукIараблъиги.

Сахльун хадуб гьев жиндирго частадде витIун гьечIо, танказул лъабабилеб гвардиялъул армиялъул, 9-леб механизированнияб корпусальул 69-леб бригадаялде витIун вуго. Гьенисанги витIун вуго Румыниялде. Гьенисан бачIун буго гьесул цIаралдасан латин мацIалда хьвараб кагъат рокьобе. Гьев вагьана Венгриялдаги. ГIагарлъиялда щибго лъалеб букIинчIо, гьесулгун тIокIаб бухьен букIинчIельул.

Рагь лъугIана. Бадрудин хьизамальухье рокьове вуссинчIо. Киназго гьев рикIкIунаан 1945 сональ тIагIаравльун. ТОКСальул вакилзабаз нахъеги кагъат битIана добго музеялде, гьесул цIех-рех гьабеян гьарун. Гьенисан бачIуна 69-абилеб мотомеханизированияб бригадаялъул артиллерист, 1913 соналда ЦIумада районалда гьавурав мухъилав МухIамадов Бадрудиние 1945 сональ захIматаб унтиялъул хIасилалда Аллагьасул къадаралде щванин ва вукьун вугин бутIаялъул 21-леб хабаль абун ЦIумада район.

Гьел кагътазул копияби ва гьесул вацасул хитIаб ТОКСАль ритIун руго Москваялда бугеб БагIараб Хьанчил ва БагIараб Бащдаб моцIальул комитеталде. КIиго соналдаса щун буго гьенисан рагьда тIагIарал ралагьулеб Управлениялъул нухмальулесул заместитель А.К. Кристофовичасул кагьат гьезухье.

Гьелда букIана, Венгриялъул БагIараб Хьанчальул баяназда рекъон, 1913 соналда гьавурав МухIамадов Бадрудин 1945 сональул 10 мартална Венгриялъул ракьалда хварав МухIамадов Бадрудинил хутIелал цIидасан рукьанин Советияб рагъулаб хабалаль Дебреценалда ва гьесул цIарги хьван бугин гьаниб бихьизабураб Советиял рагъухъабазул сияхIалда абун.

Гьединго гьез мальана, гIагарлъиялье хабаде зияраталъе рачIине бокьани, щиб гьабизе кколебали.

Гьединаб кьисмат букIана нильер ракьцояв, Хъварщиса «Бадрол».

**ТОКСальул нухмальулев, рагьда тIагIарал ралагьулев Тажудин Таймасхановасул тIехьалдаса босун, таржама гьабуна Рукъият ГIалисултановаль**

**Спорт**

## Керешуялъул чемпион

6 июлалда Москваялда ВДНХялда рекъарухъанлъиялъул «Акатуй» байрамалда тIобитIана чувашазул миллияб спортальул тайпаялъул - керешуялъул турнир. Гьеб хурхинабун букIана Россиялда лъазабураб ВатIан цIунулесул ва Чувашиялда лъазабураб Бергьенльиялъул лъагIалиде.



ХIалуцарал къецазуль 100 кг. тIадехун цIайиялда пьедесталальул тIогьиве вахана нильер ракьцояв, Гьигьалъа СаидмухIамад Гьайирбегов.

ЦIумадисез ракI-ракIаль баркулеб буго чемпионасда ва гьесул тренерасда бергьенльи ва хадубккунги гьарула спортивияб икъбалгун талихI ва Олимпиялъул тIогьиве вахин.

……………….

## Кыргыз-курошалъул призер

3-6 июлалда Москваялда тIобитIана халкъазда гьоркьосеб спортивияб тадбир - корэш ва кыргыз-курошальул Дунялалъул кубок. АнцIила анкьго улкаялдаса гьенив вакIарун вукIана нусиялда кIикьоялда анцIгоясдасанги цIикIкIун спортсмен.




ГIадат хIисабалда, камичIо гьенирги нильер ракьцоял. Кьеди росульа эркенаб гугариялъул тренер Сапиюла Сапиюлаевас кIиабилеб бакI ккуна 84 кг. цIайиялда цеве вахъунаго пляжальулаб корэшиялъул рахьаль. Гьеб кколаро гьединал тадбиразда Сапиюлагьил тIоцебесеб цевевахьин. Божула, хадурккунисел спортивиял тадбиразуль гьес пьедесталальул тIогьибги мустахIикьаб бакI ккелин абун.

ЦIумазул улкаялъулаз ракI-ракIаль баркулеб буго Сапиюлагьида бергьенльи, гьарулеб буго хадубккунги спортальуль икъбалгун талихI ва гIумрудуль лъикIабщинаб.

**Шамил Бадрудинов**

БетIерав редакторасул бакIалда Залимханова Хадижат МухIамадовна

Техникияв редактор МухIамадова Батул МухIамадовна

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул кьватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697) Газета кьватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхьала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А» Тираж - 925 Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие) Адрес электронной почты GoIostsumady@maIl.ru

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгольи гьорль бугел ва цогидалги баяназул жавабияв авторас кьола. Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.